© Библия таржама гъабиялъул институт, 2008

# Иоаннил лъабабилеб кагъат

«Иоаннил лъабабилеб кагъат» хъван буго иман лъуразул жамагІаталъе бетІерлъи гъабулев Гай абурав чиясухъе. Гьев веццулев вуго иман лъуразе кумек гьабулеб бугилан. Малъулеб буго Диотреф абулев чиясдаса цІунейилан.

*Саламалъул рагІаби*

[1] Иман лъуразул агьлуялъул бетІерасдасан — хІакълъунго дие
вокьулев дир хирияв Гайиде.
[2] Дица Аллагьасда гьарулеб буго, дир хирияв, дур рухІ лъикІ
бугеб гІадин, сундулъго мун лъикІ тагийилан ва дуе сахлъи
кьегийилан. [3] ХІакъабщиналъе мун ритІухъго чІун вугилан ва
хІакъабщинабгун хьвадулевги вугилан гьанире рачІарал вацаз би-
циндал, дун цІакъ вохана. [4] Дир лъимал хІакъабщинабгун хьва-
дулел ругилан рагІиялдаса кІудияб рохел гьечІо дие.

*Гай веццулев вуго*

[5] Вацазе ва хасго нухлулазе дуца квербакъулеб букІиналъулъ
буго, дир хирияв, дур ритІухълъи. [6] Иман лъуразул агьлуялъе
гьез нугІлъи гьабуна жалги дуе рокьулилан. Аллагь разилъулеб
хІалалда дуца гьел нухда регІани, дур лъикІаб иш букІина гьеб.
[7] Иман лъечІезухъа щибниги босичІого, МасихІил цІаралъе гІо-
ло нухда рахъун ругелъулха гьел. [8] Гьединлъидал гьединал гІада-
мазда квер чІвазе ккола нилъеца, гьелгун цадахъ лъугьун хІа-
къабщиналъе гІоло хІалтІизе.

*Диотрефил квешал ишал*

[9] Дица иман лъуразул агьлуялъухъе хъван букІана гьелъул хІа-
къалъулъ, амма гьениб цевехъанлъи бокьулев Диотрефица ниж

рикIкIунел гьечIо. 10 Гьединлъидал, дун гьениве вачIани, дица
загьир гьабила нижеда гьес лъун букIараб бугьтан. Ва гьеб гIе-
чIелъубе, гьес жинцагоги инкар гьабулеб буго нухда ругел вацал
къабул гьаризе, къабул гьаризе бокьараздаги биччалеб гьечIо ва
иман лъуразул агьлуялда гьоркьоса гьел нахъе гъолел руго.

11 Дир хирияв, квешлъиялдаса гуреб, лъикIлъиялдаса босе ми-
сал. ЛъикIлъи гьабулевав ккола Аллагьасдасан лъугьарав, квеш-
лъи гьабурасдаги Аллагь вихьичIо.

*Деметрийил лъикIал ишал*

12 Деметрийил хIакъалъулъ киназго нугIлъи гьабуна, хIакъаб-
щиналъгицин гьабуна гьесул хIакъалъулъ нугIлъи. Нижецаги
гьабулеб буго гьеб нугIлъи, дудаго лъалаха нижер нугIлъи ри-
тIухъаб букIунеблъи.

*КватIичIого рихьила*

13 Духъе хъвазе жони гIемер бугоан, амма щакъи-къаламалъ
хъваралда гIей гьабизе бокьун гьечIо. 14 Дир хьул буго кватIичIого
мун вихьизе ва, цоцазул кIал бихьун, кIалъа-ралъазе.

15 Вассалам. ЦIар-цIарккун рехсечIониги, гьудулзабазулги бу-
го дуде салам.